# FARMACEVTIKA TARMAǴÍN JEDEL RAWAJLANDÍRÍW BOYÍNShA QOSÍMShA ILAJLAR HAQQÍNDA

Sońǵı bir yarım jıl dawamında farmacevtika tarmaǵın rawajlandırıw, dári quralları hám medicina buyımlarınıń arzanlıǵın hám erkin aylanısın támiyinlewge qaratılǵan onnan aslam normativlik-huqıqıy hújjetler qabıl etildi.

Farmacevtika tarmaǵınıń mámleketlik basqarıw sisteması qayta kórip shıǵıldı, Ózbekistan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi janında Farmacevtika tarmaǵın rawajlandırıw agentligi shólkemlestirildi.

«Nukus-farm», «Zomin-farm», «Kosonsoy-farm», «Sirdaryo-farm», «Boysun-farm», «Bwstonliq-farm» hám «Parkent-farm» erkin ekonomikalıq zonaları shólkemlestirilip, olardıń aymaǵında 41,7 million AQSh dolları muǵdarındaǵı bes joybar ámelge asırılmaqta.

Elimizde sociallıq dárixanalardı shólkemlestiriw ilajları kórilmekte. Sonıń ishinde, Surxandárya wálayatında mámleketlik-jeke menshik sheriklik shártlerinde 75 sociallıq dárixanalardı qurıw hám ornalastırıw boyınsha jumıslar baslanǵan.

Sonıń menen birge, úyreniwler qabıl etilgen nızam hújjetlerin óz waqtında, sapalı hám tolıq orınlaw boyınsha jetkilikli ilajlar kórilmey atırǵanın, juwapker uyımlardıń basshılarında júklengen wazıypalardı orınlawda italılıq joq ekenin kórsetti. Atap aytqanda:

birinshiden, erkin ekonomikalıq zonalardıń direkciyaların qáliplestiriw támiyinlenbegen, olardıń jumısın qarjılandırıwdıń anıq dárekleri hám mexanizmleri belgilenbegen, óndiris obektlerin ornalastırıw ushın jer uchastkaların ajıratıw máseleleri sheshilmegen;

ekinshiden, erkin ekonomikalıq zonalar hám kishi sanaat zonaları hákimshilik keńesleriniń jumısın muwapıqlastırıw boyınsha Respublikalıq keńes tárepinen erkin ekonomikalıq zonalardıń jumısın nátiyjeli shólkemlestiriw hám investiciyalardı tartıw boyınsha jetkilikli ilajlar kórilmey atır;

úshinshiden, erkin ekonomikalıq zonalardıń rawajlanǵan transport, jol hám injenerlik-kommunikaciya infrastrukturası joq ekeni olardıń aymaǵında joqarı sapalı farmacevtikalıq ónimlerdi islep shıǵarıw quwatlıqların jolǵa qoyıw imkaniyatın bermey atır, zonalardıń bas rejelerin islep shıǵıw orınlardaǵı haqıyqıy jaǵdaydı hám investorlarda júzege kelip atırǵan mashqalalardı itibarǵa almaǵan halda ámelge asırılmaqta;

tórtinshiden, mámleketlik-jeke menshik sheriklik shártlerinde sociallıq dárixanalardı shólkemlestiriw hám jumıs alıp barıwdıń huqıqıy tártibi belgilenbegen, olardıń ornalasıwı tastıyıqlanbaǵan, bul bolsa Ózbekstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligine usınday dárixanalardıń jumısın shólkemlestiriw boyınsha júklengen wazıypalardıń tolıq óz waqtında orınlanbawına alıp kelgen;

besinshiden, dárixanalarda sociallıq áhmiyetke iye dári quralları hám medicina buyımların esapqa alıw, sonday-aq, dárixanalardıń ornalasıwı, dári qurallarınıń assortimenti hám bahası haqqında xalıqtı xabardar etiw boyınsha zamanagóy málimleme-kommunikaciya texnologiyaların engiziw procesi tómen dárejede barmaqta;

altınshıdan, farmacevtika tarmaǵı mákemeleriniń ilimiy-izertlew jumısı zamanagóy talaplarǵa juwap bermeydi, maman qánigelerdi tayarlaw máselelerine jetkilikli itibar qaratılmay atır;

jetinshiden, ámeldegi ilimiy qollanbalardı ámeliyatta sınaqtan ótkeriwdiń nátiyjeli sisteması joq, olardı óndiriske engiziw, dári qurallarin hám medicina buyımların islep shıǵıw tarawında jańa innovaciyalıq joybarlardı ámelge asırıw boyınsha jetkilikli ilajlar kórilmey atır.

Bul jaǵdaylar farmacevtika jaǵdayın túp-tiykarınan reformalaw boyınsha kórilip atırǵan ilajlardıń tómenlewine alıp kelmekte, xalıqtı hám medicina mákemelerin arzan dári quralları hám medicinalıq dári dármaqlar menen támiyinlewge keri tásir etpekte.

Farmacevtika tarmaǵın jedel rawajlandırıw, júzege kelgen mashqalalardı óz waqtında sheshiw hám investiciyalardı tartıw ushın qolay sharayatlardı jaratıw boyınsha wazıypalardıń nátiyjeli ámelge asırılıwın támiyinlew maqsetinde:

Erkin ekonomikalıq zonalar hám kishi sanaat zonaları hákimshilik keńesleriniń jumısın muwapıqlastırıw boyınsha Respublikalıq keńes, Ózbekstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi, Ekonomika ministrligi, Sırtqı sawda ministrligi, Investiciyalar boyınsha mámleketlik komiteti, Densawlıqtı saqlaw ministrligi janındaǵı Farmacevtika tarmaǵın rawajlandırıw agentligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimlikleriniń farmacevtika tarmaǵın rawajlandırıw tarawındaǵı jumıslardı shólkemlestiriw boyınsha jumısı qanaatlandırarsız dep tabılsın.
Jumısta bunday kemshiliklerge jol qoyǵanı hám zárúr dárejedegi intalılıqtıń joqlıǵı sebepli Ózbekstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi janındaǵı Farmacevtika tarmaǵın rawajlandırıw agentliginiń direktorı Z.A.Dusanov hám usı agentlik direktorınıń birinshi orınbasarı M.M.Dustmuratov iyelep turǵan lawazımınan azat etilgeni maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

Farmacevtika tarmaǵın jedel rawajlandırıw ushın qolay sharayatlardı támiyinlew boyınsha «Jol kartası» 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.
Ministrlikler, vedomstvolar hám basqa da shólkemlerdiń basshıları «Jol kartası»nıń óz waqtında, sapalı hám tolıq ámelge asırılıwı ushın jeke juwapker esaplanatuǵını belgilep qoyılsın.

«Nukus-farm», «Zomin-farm», «Kosonsoy-farm», «Sirdaryo-farm», «Boysun-farm», «Bwstonliq-farm» hám «Parkent-farm» erkin ekonomikalıq zonalarındaǵı haqıyqıy jaǵdaydı úyreniw hám júzege kelgen mashqalalardı sheshiw boyınsha jumısshı toparlar 2-qosımshaǵa muwapıq quramda shólkemlestirilsin.
Jumısshı toparlar tárepinen eki ay múddette:

erkin ekonomikalıq zonalardıń jumısın shólkemlestiriw ushın ajıratılǵan jer uchastkalarınıń belgilengen talaplarǵa muwapıqlıǵı, transport, injenerlik-kommunikaciya hám óndirislik infrastrukturanı jaratıw imkaniyatları bar ekenligi kóz qarasınınan úyreniliwin;

erkin ekonomikalıq zonalardıń bas rejeleriniń orınlardaǵı haqıyqıy jaǵdayı hám olardıń ámelde orınlaw imkaniyatın esapqa ala otırıp, qayta kórip shıǵılıwın;

erkin ekonomikalıq zonalar aymaǵında investiciyalıq joybarlardı ámelge asırıw ushın potencial investorlardı tartıw ilajların kóriwdi támiyinlesin.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti (Q.V.Akmalov) eki ay múddette jumısshı toparlar jumısınıń juwmaqları boyınsha tómendegilerdi islep shıqsın hám tastıyıqlasın:
Dárilik ósimliklerdiń plantaciyaların shólkemlestiriw boyınsha ilajlar baǵdarlaması;

Tayar dári quralları hám medicinalıq buyımlar, járdemshi hám oraw-jaylastırıw materialların islep shıǵıw boyınsha erkin ekonomikalıq zonalar aymaǵında ámelge asırılıwı rejelestirilgen investiciyalıq joybarlardıń dizimi.

Ózbekstan Respublikası Mámleketlik arxitektura hám qurılıs komiteti, Ózbekstan Respublikası avtomobil jolları mámleketlik komiteti, «Ózbekenergo» AJ, «Óztransgaz» AJ, «Ózbektelekom» AK basqa da mápdar vedomstvolar menen birgelikte erkin ekonomikalıq zonalardıń bas rejeleri tastıyıqlanǵannan soń bir ay múddette erkin ekonomikalıq zonalardıń transort, injenerlik-kommunikaciya hám óndirislik infrastrukturasın rawajlandırıw boyınsha joybarlardıń joybarlaw-smetalıq hújjetleri islep shıǵılıwın támiyinlesin.
Hár bir erkin ekonomikalıq zonaǵa Qaraqalpaqstan Respublikası hám tiyisli wálayatlardıń prokurorları biriktirilip, olardıń bul tarawdaǵı tiykarǵı wazıypaları sıpatında tómendegiler belgilensin:
erkin ekonomikalıq zonalardıń bas rejeleriniń óz waqtında islep shıǵılıwı ústinen qadaǵalawdı ámelge asırıw;

joybarlardıń inta kórsetiwshilerine joybarlaw-smetalıq hújjetlerin óz waqtında islep shıǵıwına járdem beriw;

jańadan shólkemlestirilip atırǵan quwatlıqlardı transport, injenerlik-kommunikaciya hám óndiris infrastrukturası menen támiyinlew jáne olardıń suw, gaz hám elektr támiynatına jalǵanıwı ústinen qadaǵalawdı ámelge asırıw;

joybarlardıń inta kórsetiwshilerine ruqsat beretuǵın hám basqa da hújjetlerdi alıwda, sonday-aq, investiciyalıq joybarlardı ámelge asırıw procesi júzege keletuǵın máselelerdi sheshiwde hár tárepleme kómeklesiw;

joybarlardıń inta kórsetiwshilerine joybarlardı óz waqtında ámelge asırıwǵa tosqınlıq etip atırǵan, artıqsha byurokratlıq tosqınlıqlardı jaratıp atırǵan mámleketlik uyımlardıń hám basqa da shólkemlerdiń lawazımlı shaxslarına qatań sharalar kóriw.

Wálayat kóleminde juwapker mámleketlik uyımlar hám shólkemler hár ayda Qaraqalpaqstan Respublikası hám tiyisli wálayatlardıń prokurorlarına erkin ekonomikalıq zonalar da ámelge asırılıp atırǵan jumıslardıń barısı haqqında esap beretuǵını belgilep qoyılsın.

Ózbekstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi:
eki kún múddette rayonlıq (qalalıq) medicina birlespelerinde, shańaraqlıq poliklinikalarda, sonday-aq, awıllıq shıpakerlik punktlerinde sociallıq dárixanalardı ornalastırıw imkaniyatların orınlarǵa shıqqan halda úyreniw ushın jumısshı toparlardı shólkemlestirsin;

ótkerilgen úyreniwdi esapqa alǵan halda, 2018-jıl 1-aprelge shekemgi múddette sociallıq dárixanalardıń ornalasıwın tastıyıqlasın;

bir ay múddette Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine Sociallıq dárixanalar haqqındaǵı rejeniń joybarın kirgizsin;

Ózbekstan Respublikası Ekonomika ministrligi, Qarjı ministrligi hám Investiciyalar boyınsha mámleketlik komiteti menen birgelikte 2018-jıl 1-iyunge shekemgi múddette 2018-2022-jıllarda Ózbekstan Respublikasında farmacevtika tarmaǵın rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlawdı názerde tutatuǵın Ózbekstan Respublikası Prezidenti qararınıń joybarın Ministrler Kabinetine kirgizsin.

Ózbekstan Respublikası Málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi Densawlıqtı saqlaw ministrligi menen birgelikte:
a) 2018-jıl 1-dekabrge shekemgi múddette tómendegi imkaniyatlardı beretuǵın Internet tarmaǵında málimleme portalın, sonday-aq, mobil qosımshaların jaratsın:

tiykarǵı málimleme indikatorı sıpatında licenziya bar ekenin kórsetken halda dárixanalardıń ornalasıwın anıqlaw;

dári qurallarının hám medicinalıq buyımlardı, zárúr jaǵdaylarda satıp alınǵan dári qurallarının hám medicinalıq buyımlardı tiyisli dárixanalar tárepinen xalıqqa jetkerip beriwdi támiyinley otırıp, real waqıt rejiminde satıp alıw;

b) 2018-jıl 1-mayǵa shekemgi múddette Ózbekstan Respublikasında dári qurallarının hám medicinalıq buyımlardı esapqa alıw hám esap beriw procesin avtomatlastırıw, sonday-aq, olar haqqındaǵı zárúr málimlemeni bergen halda dári qurallarının hám medicinalıq buyımlardı identifikaciyalaw imkaniyatın beretuǵın arnawlı markirovka sistemasın engiziw múmkin ekenligi máselesin úyrensin;

v) 2018-jıl 1-aprelge shekemgi múddette Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine mámleketlik medicinalıq mákemelerde hám sociallıq dárixanalarda dári quralları hám medicinalıq buyımlardıń esabın alıp barıwdıń, sonıń ishinde, byudjet qarjıları maqsetsiz jumsalıwın jıldam anıqlaw hám qıyanet etiw jaǵdaylarınıń aldın alıw imkaniyatın beretuǵın avtomatlastırılǵan sistemanı jaratıw boyınsha usınıslar kirgizsin.

Xalıqtı dári quralları menen támiyinlewdegi mashqalalardı úyreniw hám saplastırıw boyınsha jámiyetlik komissiyanıń (keyingi orınlarda – Komissiya) quramı hám aymaqlarda hár háptelik ushırasıwlardı shólkemlestiriw grafigi 3- hám 4-qosımshalarǵa muwapıq maqullansın.
Komissiya (K.M.Rafikov):

hár 10 kúnde aymaqlarǵa barıw hám orınlarda ushırasıwlar ótkeriw arqalı dári quralları menen támiyinlewde xalıqtıń eń áhmiyetli mashqalaları sheshiliwi ústinen tásirsheń jámiyetlik qadaǵalawdı shólkemlestirsin;

farmacevtika tarmaǵında kórilip atırǵan ilajlardıń nátiyjeli hám mánzilli bolıwı, olardıń bul tarawdaǵı jumıslarınıń jaǵdayın jaqsılawǵa real tásir etiwi máseleleri boyınsha puqaralardıń pikir-usınısların úyreniw arqalı xalıq penen tiykarǵı baylanıstı támiyinlesin;

Puqaralardı, ásirese, sociallıq jaqtan járdemge zárúr hám barıw qıyın bolǵan aymaqlarda jasaytuǵın puqaralardı sociallıq áhmiyetke iye hám arzan dári quralları menen támiyinlew boyınsha jumıslardıń haqıyqıy jaǵdayın puqta úyrensin;

xalıqtı dári quralları menen támiyinlew hám onıń xalıqtıń jasaw orınlarında jetkilikliligin, sonday-aq, sociallıq dárixanalardıń jumısın shólkemlestiriw boyınsha qolda bar infrastrukturanı sın kózqarastan úyrensin;

dári quralları bahasınıń ósiwine hám basqa da huqıqbuzarlıqlardıń júz beriwine imkan beretuǵın sebepler menen sharayatlardı anıqlasın, anıqlanǵan mashqalalardı sheshiw, xalıqtı dári quralları menen óz waqtında támiinlew boyınsha prokuratura uyımları menen birgelikte jedel

alajlar kórsin;

usı qarardıń orınlanıw procesin turaqlı úyrensin, bul másele boyınsha juwapker mámleketlik uyımlar basshılarınıń esapların tıńlasın, júklengen wazıypalar orınlanıwınıń buzılıw jaǵdayların hám sebeplerin anıqlasın jáne huqıqbuzarlıq jaǵdayları haqqında prokuratura uyımların óz waqtında xabardar etsin;

kreditler beriw, jer uchastkaların ajıratıw, tiyisli licenziya hám ruqsatnamalar alıw, infrastrukturaǵa jalǵanıwda júzege kelgen mashqalalardı tez sheshiw maqsetinde isbilermenlik subektleri hám potenciallı shet el investorları menen ushırasıwlar ótkersin;

Ózbekstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi hám «Ózavtosanaat» AJ menen birgelikte alıs jerlerde jasaytuǵın xalıqqa, bárinen burın, sociallıq áhmiyetke iye hám eń zárúr dári qurallarıń satıwdı támiyinleytuǵın «Damas» avtomashinalarında kóshpeli dárixanalardı shólkemlestiriw ilajların kórsin;

ǵalaba xabar quralları, sonıń ishinde, televideniede ámelge asırılıp atırǵan jumıslardıń barısı hám nátiyjeleri turaqlı sáwlelendiriliwin shólkemlestirsin;

ótkerilgen hár bir orınǵa shıǵıp úyreniwdiń hám ushırasıwlardıń juwmaǵı boyınsha ámelge asırılǵan jumıslar haqqında Ózbekstan Respublikası Prezidenti apparatına málimleme kirgizsin.

«Ózbekstan temir jolları» AJ Komissiya jumısı sheńberinde onıń baslıǵınıń talapnaması boyınsha hár jılı jergilikli qatnawdaǵı poezdlardıń barlıq túrlerine temir jol biletleri rezerv etip qoyılıwın hám biypul rásmiylestiriliwin támiyinlesin.
Respublikada jaratılatuǵın hám islep shıǵarılatuǵın tiykarǵı dári qurallarınıń hám medicinalıq buyımlardıń dizimin anıqlaw boyınsha jumısshı komissiya 5-qosımshaǵa muwapıq quramda shólkemlestirilsin.
Jumısshı komissiya úsh ay múddette:

farmacevtika bazarın úyreniwdi jáne diagnoz qoyıw hám emlew standartların esapqa alǵan halda densawlıqtı saqlaw ushın áhmiyetli bolǵan dári quralları hám medicinalıq buyımlardıń dizimin anıqlawdı;

orta múddetli perspektivada engiziw ushın perspektivalı dári quralları hám medicinalıq buyımlardıń jergilikli qollanbaların anıqlawdı;

mútájlik ushın zárúrliginen, sociallıq áhmiyetinen, óndiriske engiziwdiń maqsetke muwapıqlıǵınan hám múmkinshiliginen kelip shıǵıp, dári quralları hám medicinalıq buyımlardıń kategoriyaların anıqlawdı támiyinlesin.

Innovaciyalıq rawajlanıw ministrligi Bas prokuratura hám Densawlıqtı saqlaw ministrligi menen birgelikte úsh ay múddette Ózbek ximiya-farmacevtika ilimiy-izertlew institutı, Tashkent vakcina hám sıvorotkalar ilimiy-izertlew institutı, «Shıǵıs medicinası» ilimiy-izertlew institutınıń jumısın sın kózqarastan úyrensin jáne Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine usı tarawdaǵı jumıstı jetilistiriw boyınsha, sonıń ishinde, dári quralları hám medicinalıq buyımlardıń oqıw-ilimiy laboratoriyasın hám tájiriybe-óndirislik kompleksin shólkemlestiriwdi názerde tutqan halda usınıslar kirgizsin.
Qarjı ministrligi Densawlıqtı saqlaw ministrligi hám Mámleketlik bajıxana komiteti menen birgelikte 2018-jıl 1-aprelge shekemgi múddette Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine dári quralları hám medicinalıq buyımlardı islep shıǵarıw ushın shiyki zattı import etiwde qosımsha qun salıǵı boyınsha jeńillikti qollanıw mexanizmin ápiwayılastırıw boyınsha usınıslar kirgizsin, onda tastıyıqlanǵan dizim tiykarında jeńillik qollanıw tártibi qaǵıydaǵa kirgizilmey, dári quralları hám medicinalıq buyımlardı tayarlaw ushın alıp kelinetuǵın, respublikada islep shıǵarılatuǵın shiyki zat hám substanciyalarǵa qosımsha qun salıǵı boyınsha jeńillikler qollanılmaytuǵını názerde tutılsın.
Densawlıqtı saqlaw ministrligi eki hápte múddette Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligine dári quralları hám medicinalıq buyımlar tayarlaw ushın respublikada islep shıǵarılatuǵın shiyki zat hám substanciyalardıń dizimin usınsın.

Bas prokuratura (O.B.Murodov), Ózbekstan Respublikası Prezidenti apparatı Ilim, bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw hám sporttı rawajlandırıw máseleleri xızmeti (R.S.Qasimov), Siyasiy-huqıqıy máseleler xızmeti (B.M.Mavlonov), Esap-sanaq palatası (M.M.Ikramov) hám Ministrler Kabineti (Q.V.Akmalov):
hár sherekte grafiklerdi tastıyıqlasın hám solar tiykarında jumısshı toparlar, juwapker ministrlikler hám vedomstvolardıń wákilleri, farmacevtika kárxanaları hám basqa da shólkemlerdiń, sonday-aq, investorlardıń qatnasıwında «Jol kartası» hám usı qararda belgilengen basqa da wazıypalardıń orınlanıwı procesi hár háptede dodalanıwın shólkemlestirsin;

dodalawdıń juwmaqları boyınsha júklengen wazıypalar orınlanıwınıń buzılıwına jol qoyǵan shaxslarǵa qatań juwapkershilik ilajların qollansın.

Densawlıqtı saqlaw ministrligi Ádillik ministrligi hám basqa da mápdar ministrlikler hám vedomstvolar menen birgelikte bir ay múddette nızam hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar haqqında Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.
Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı Q.V.Akmalovqa, Ózbekstan Respublikası Prezidenitiniń Mámleketlik keńesgóyi R.S.Qasimovqa, Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı O.B.Murodovqa hám Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası Keńesiniń baslıǵı K.M.Rafikovqa júklensin.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti SH.MIRZIYOEV

Tashkent qalası,

2018-jıl 14-fevral

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- ⧉
- ✉